

Pou Piblikasyon Imedya: 09/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 30 MILYON DOLA POU SIPÒTE MODÈNIZASYON REZO ELEKTRIK NEW YORK

*Eta a ap Chèche Pwopozisyon pou Ede Asire Tranzisyon Rezo Elektrik New York la pou yon Ekonomi Enèji Pwòp epi Amelyore Rezilyans Pandan I ap Redui Konsomasyon Enji ak Depans yo*

*Li Sipòte Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè a - Ajanda Enèji Pwòp ak Djòb Lidè nan Nasyon an ki Mete Eta New York sou yon Wout Netralite Kabòn pou Konbat Chanjman Klimatik*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a jiska 30 milyon dola ki disponib pou sipòte pwojè yo pou amelyore rezilyans, fleksibilite ak entegrasyon resous enèji renouvlab yo nan rezo elektrik New York la. Yo pral evalye pwopozisyon pwojè yo selon jan yo amelyore pèfòmans jeneral rezo a, redui depans enèji yo epi sipòte objektif Eta a yo pou lidè nan nasyon an nan enèji pwòp pou kapab konbat chanjman klimatik. Modènizasyon rezo a sipòte manda Gouvènè a pwopoze a pou 70 pousan enèji pwòp bò 2030 epi vize asire transisyon Eta a pou yon rezo elektrik san kabòn bò 2040 kòm pati Nouvo Akò Ekolojik la (Green New Deal).

"Yon eleman kle nan lit kont chanjman klimatik la se fè investisman entèlijan ak efisyan nan rezo elektrik nou an", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Modènizasyon rezo New York la pral kreye avantaj dirab pou tout Nouyòkè yo atravè yon sistèm pi fyab ak abòdab, pandan I ap ogmante rezilyans pou evènman meteyowolojik ekstrèm yo epi ajoute plis sous enèji renouvlab nan sistèm nou an."

"New York se lidè nasyon an nan adrese enpak chanjman klimatik la nan sipòte teknoloji ekolojik ak aktyalizasyon yo nan sistèm nou an", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Lè nou envesti nan avni rezo elektrik nou an, nou ap kreye djòb epi fè avanse objekif pou enèji pwòp yo kòm pati Nouvo Akò Ekolojik la."

Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la ap administre inisyativ la atravè pwogram Rezo Wot Pèfòmans lan k ap chèche pwopozisyon nan men konpayi teknoloji sou rezo elektrik yo, sèvis piblik, inivèsite, ak chèchè New York yo, pou avanse teknoloji pou rezo entèlijan yo. Teknoloji sa yo divèsifye apwovizyonman resous yo pou pwodiksyon enèji pwòp, amelyore pèfòmans jeneral rezo elektrik la, epi rann kliyan yo kapab redui depans enèji yo, konsomasyon enèji, ak enpak anviwònmanal yo. Atravè yon pwosesis konpetitif ki gen de etap, kandida yo pral soumèt dokiman konseptyèl yo ki ap sibi yon pwosesis evalyasyon rigoure. Selon evalyasyon sa yo, yo pral envite yon gwoup kandida ki chwazi pou soumèt pwopozisyon konplè pou kontinye evalyasyon. Pwojè ki rekonpanse yo pral resevwa finansman pou avanse.

Yo pral revize dokiman konseptyèl yo sou yon baz kontini epi yo pral aksepte yo jiska 18 Novanm 2020, oswa jiskaske fon yo epize. Demann pou pwopozisyon yo pral genyen youn nan senk kategori yo: etid fezabilite teknoloji yo, etid rechèch yo, etid enjeniri yo, devlopman pwodui, ak pwojè pilòt yo. Pwopozisyon yo ta dwe gen ladan yo solisyon yo ki fasilite konekte resous enèji pwòp ak rezo a; devlope analiz done inovan; planifikasyon avanse, operasyon yo, ak zouti previzyon yo; oswa devlope solisyon sibèsekirite yo pou rezo modèn nan, epi demontre fason yo fè avanse objektif pou enèji pwòp Eta a yo gen ladan yo fason pou pi byen fè avanse objektif Eta a pou gen 70 pousan elektrisite li ki soti nan sous enèji renouvlab bò 2030.

**Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare,** "Avni enèji pwòp New York egzije yon rezo elektrik modèn ki kapab delivre vizyon pou lidè nan nasyon Gouvènè Cuomo a pou yon sistèm elektrik 100% san kabòn bò 2040. Finansman NYSERDA a pral sipòte deplwaman patenarya piblik prive yo pou devlope, pilote epi teste teknoloji rezo entèlijan yo ak solisyon yo ki prak akselere rit nou pou yon sistèm elektrik ki konplètman san kabòn".

Depi 2016, NYSERDA a te akòde apwoksativman 17 milyon dola atravè 34 kontra ki te konsantre sou avansman rezo elektrik New York la atravè teknoloji rezo entèlijan yo ki ede nan analiz entèkoneksyon solè yo ak entegrasyon estokaj enèji, solisyon dijital yo ak aplikasyon kaptè avanse yo. Sa gen ladan l yon pwojè Enstiti Rechèch sou Kouran Elektrik (Electric Power Research Institute, EPRI) la ap dirije pou rezoud defi teknik yo lè yo konekte resous enèji pwòp ki distribiye yo sou rezo elektrik New York la. Yo te mete travay EPRI a disponib pou Gwoup Travay Teknik pou Entèkoneksyon New York la epi yo te adopte li kòm politik ak pwosedi yo nan tout New York. Antotal, yo dedye 110 milyon dola pou modènize rezo elektrik la New York jiska 2022. Plis enfòmasyon sou finansman sa a disponib sou [sit entènèt](#) NYSERDA.

### **Nouvo Akò Ekolojik Eta New York la**

Nouvo Akò Ekolojik Gouvènè Andrew M. Cuomo a, ki se ajanda lidè nan nasyon an nan enèji pwòp ak djòb, pral pran mezi agresif pou mete Eta New York sou wout pou netralite kabòn onivo tout ekonomi an. Inisyativ sa a pral ofri yon tranzisyon ekitab pou enèji pwòp, sa k ap estimile kwasans ekonomi ekolojik la, epi mande pou New York itilize 100 pousan enèji pwòp ak san kabòn bò 2040, youn nan objektif ki pi agresif nan Etazini. Pilye nouvo manda yo fenk pwopoze a se yon ogmantasyon konsiderab Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) ki gen siksè New York la jiska 70 pousan kouran renouvlab bò 2030. Kòm pati ogmantasyon enèji renouvlab san presedan sa a, New York te deja investi 2.9 milya dola nan 46 gwo pwojè enèji renouvlab yo atravè Eta a, pandan li ap ogmante siyifikativman objektif enèji pwòp li yo, tankou: kwadruple objektif enèji ewolyèn New York la jiska 9,000 megawat antanke lidè nan nasyon an bò 2035 ; double deplwaman enèji solè ki distribiye a jiska 6,000 megawat bò 2025; epi deplwaye 3,000 megawat estokaj enèji bò 2030. Pou sipòte travay anbisye sa a, NY Green Bank gen entansyon pou itilize ekspètiz li pou simonte defisi finansye yo pou ankouraje pi gwo enpak anviwònmanal pou chak dola piblik nan kolekte plis pase 1 milya dola nan fon tyès pati yo pou agrandi disponibilite finansman pou klima nan tout New York ak rès Amerik di Nò a.

### **Enfòmasyon sou Fon Enèji Pwòp la (Clean Energy Fund, CEF)**

5.3 milya dola Fon Enèji Pwòp sou 10 ane a se yon eleman fondamantal nan estrateji Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision) Eta New York la pou reyalize yon sistèm enèji ki pwòp, rezistan epi abòdab pou tout Nouyòkè yo. CEF la gen ladan l yon efò konsantre pou pote plis opòtinite enèji pwòp ak avantaj bay kominote ki gen revni ki ba oswa modere epi yo konsevwa li pou delivre sou angajman Eta New York la pou li akselere itilizasyon enèji pwòp ak inovasyon nan enèji epi ensite devlopman ekonomik pandan l ap diminye depans kontribyab yo. NY Green Bank, yon eleman kle nan CEF, te jenerere 51.8 milyon dola nan revni pozitif nèt kòm rezilta envestiman 637.6 milyon dola yo nan tranzaksyon sou enèji pwòp nan tout New York. Inisyativ 1 milya dola NY-Sun lan te deja ede fasilite yon ogmantasyon preske 1,500 pousan nan deplwaye enèji solè depi 2011. CEF la sipòte ogmantasyon ki pwopoze a nan Estanda Enèji Pwòp New York la ki egzije 70 pousan elektrisite Eta a pou soti nan sous enèji renouvlab yo bò 2030 kòm pati Nouvo Akò Ekolojik lidè nan nasyon Gouvènè Cuomo a.

###

Lèt nouvell disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)